

**NINGKATAKEN KAWASISAN UNGGAH-UNGGUH BASA JAWI MAWI
METODE STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD)
KANGGE SISWA KELAS XII MM SMK MUHAMMADIYAH
PRAMBANAN SLEMAN TAUN AJAR 2016/ 2017**

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Pendidikan Bahasa**



Kaanggit dening

Finda Dwi Kurniawati

NIM 15PSC01726

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**



2017

PASARUJUKAN

NINGKATAKEN KAWASISAN UNGGAH-UNGGUH BASA JAWI MAWI
METODE STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD)
KANGGE SISWA KELAS XII MM SMK MUHAMMADIYAH
PRAMBANAN SLEMAN TAUN AJAR 2016/ 2017

Dening
Finda Dwi Kurniawati
NIM 15PSC01726

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

	Tapak Asma	Tanggal
Pamong 1 Dr. H. Basuki, M. M. NIP 19540312 198003 1 003		21-10-2017
Pamong 2 Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M. Hum. NIP 19600412 198901 1 001		21-10-2017

Kauningan

Pangarsa Program Studi








Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M. Hum.
NIP 19600412 198901 1 001

PANGESAHAN

**NINGKATAKEN KAWASISAN UNGGAH-UNGGUH BASA JAWI MAWI
 METODE STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD)
 KANGGE SISWA KELAS XII MM SMK MUHAMMADIYAH
 PRAMBANAN SLEMAN TAUN AJAR 2016/ 2017**

Dipunanggit dening:
Finda Dwi Kurniawati
NIM 15PSC01726


Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Penguji:

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa :	Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M. Pd. NIK 690 115 345		6/3 ¹⁸
Panitra :	Dr. Hersulastuti, M. Hum. NIP 19650421 198703 2 002		6/3 ¹⁸
Panguji I :	Dr. H. Basuki, M. M. NIP 19540312 198003 1 003		6/3 ¹⁸
Panguji II :	Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M. Hum. NIP 19600412 198901 1 001		6/3 ¹⁸


Kauningan,



Direktor Program Pascasarjana


 Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M. Pd.
 NIK 690 115 345

Pangarsa Program Studi


 Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M. Hum.
 NIP 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula

Nama : Finda Dwi Kurniawati
 NIM : 15PSC01726
 Jurusan/ Program Studi : Magister Pendidikan Bahasa
 Fakultas : Program Pascasarjana

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih *tesis* ingkang irah-irahanipun

Judul : **Ningkataken Kawasisan Unggah-ungguh Basa
 Jawi mawi Metode Student Teams Achievement
 Division (STAD) kangge Siswa Kelas XII MM
 SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman Taun
 Ajar 2016/2017**

menika seratan kula piyambak. Perkawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten pratela kula menika mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih punika batalipun *gelar* Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten,

Ingkang damel pratela



Finda Dwi Kurniawati

MOTTO

“Sapa temen tinemu”

“Urip iku urup”

“Jer basuki mawa bea”

“Datan serik lamun ketaman, datan susah lamun kelangan” (pitutur)

(Hartatik, 2011: 71)

PISUNGSUNG

Kanthi raos *syukur* dhumateng Allah S.W.T., *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula Bapak Sumarsono saha Ibu Kusrini, S. Pd. ugi dhateng sedherek kula Fitriani Suci Rahayu, S. Pd. kaliyan Bangkit Tri Pamungkas ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestunipun.

ATUR PANGGLANTAR

Puji sukur, alhamdulillahirabbil'alamin panyerat aturaken raos sukur dhumateng Allah S.W.T. ingkang tansah paring kasarasan, *rahmat* saha hidayahipun, satemah panyerat saget nyekapaken *tesis* kanthi irah-irahan “*Ningkataken Kawasisan Unggah-Ungguh Basa Jawi mawi Metode Student Teams Achievement Division (STAD) kangge Siswa Kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman Taun Ajar 2016/ 2017*”. *Tesis* menika dipundamel kangge njangkepi salah satunggaling sarat kangge nggayuh gelar *Magister Pendidikan*, wonten ing Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten.

Panyerat ngaturaken agenging panuwun dhateng sedaya *pihak* ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun, awit saking purwaka dumugi paripurnaning *tesis* menika. Kanthi raos ingkang *tulus* panyerat ngaturaken panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. H. Triyono, M. Pd., minangka Rektor Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring *fasilitas*.
2. Bapak Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M. Pd., minangka Direktur Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat *tesis* menika;
3. Bapak Dr. D. B. Putut Setiyadi, M. Hum., minangka Pangarsa Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring palilah dhateng panyerat kangge nindakaken panaliten menika. Ugi minangka dosen pamong 2, ingkang sampun paring pangarah dalah panuntun kanthi sabar saha tlaten anggenipun kula nyekapaken *tesis* menika.
4. Bapak Dr. H. Basuki, M.M., minangka dosen pamong 1 ingkang sampun paring panyengkuyung, pamrayogi kanthi sabar saha premati, satemah *tesis* menika saget katindakaken kanthi sae.

5. Bapak saha Ibu *dosen* Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten awit sedaya kawruh saha ngelmunipun ingkang mupangat sanget kangge kula.
6. *Staff* Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten awit sedaya pambiyantunipun.
7. Bapak Drs. H. Iskak Riyanto, minangka Kepala Sekolah SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman ingkang sampun paring palilah panaliten saha panyengkuyungipun.
8. Ibu Galih Sekar Ananti, S. Pd., minangka *kolaborator* wonten panaliten menika.
9. Tiyang sepuh kula, Bapak Sumarsono saha Ibu Kusriani, S. Pd. awit saking panjurungipun, donga pangestu saha ashipun.
10. Sedherek kula Fitriani Suci Rahayu, S. Pd. saha Bangkit Tri Pamungkas ingkang sampun paring semangat saha pambiyantunipun.
11. Kanca-kanca Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring panjurung kangge kula mliginipun kanca-kanca kelas Kampus 2015.

Tesis menika tamtu taksih dereng kawastanan sae, jangkep, saha sampurna. Pramila, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju amrih langkung sae, jangkep saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi *tesis* menika sageta murakabi tumrap kita sedaya.

Klaten,
Panyerat

Finda Dwi Kurniawati
NIM 15PSC01726

DHAFTAR ISI

PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
PRATELA	iv
MOTTO	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR	vii
DHAFTAR ISI	ix
DHAFTAR TABEL	xii
DHAFTAR GAMBAR	xv
DHAFTAR LAMPIRAN	xvii
SARI PATHI	xviii
ABSTRAK	xix
ABSTRACT	xx
BAB I PURWAKA	1
A. Lelarahing Prakawis	1
B. Idhentitasing Prakawis	4
C. Watesaning Prakawis	4
D. Rumusaning Prakawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Mumpangating Panaliten	6

BAB II LAMBARANING <i>TEORI</i> , PANALITEN INGKANG GAYUT LAN RAGANGANING PAMIKIR	7
A. Lambaraning <i>Teori</i>	7
1. Pangertosan Unggah-ungguh Basa	7
2. Pasinaon Unggah-ungguh Basa	9
3. <i>Kesopanan Jawi</i>	13
4. Tindak Tutur	21
5. Hakekat <i>Nilai</i>	22
6. Piwucal Moral	23
7. <i>Metode Student Teams Achievement Division (STAD)</i>	28
8. Rantamanipun <i>Metode Student Teams Achievement Division (STAD)</i>	30
9. Pandom Pambiji Kawasisan Unggah-ungguh Basa Jawi	33
B. Panaliten ingkang Gayut	35
C. Raganganing Pamikir	37
D. <i>Hipotesis</i>	39
BAB III METODOLOGI PANALITEN	41
A. Wujud lan Strategining Panaliten	41
B. <i>Objek</i> , Papaning Panaliten lan Wekdaling Panaliten	42
C. <i>Prosedur</i> Panaliten	43
D. <i>Indikator</i> Pakaryan	45
E. <i>Teknik</i> Ngempalaken Dhata	46
F. <i>Validitas</i> Dhata	50
G. <i>Teknik</i> Pangonceking Dhata	52

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PANGONCEKIPUN	54
A. Asiling Panaliten	54
B. Andharan Asil Saben <i>Tindakan</i>	57
C. Ningkating Asil Panaliten	122
D. Pangoncekipun Panaliten	140
1. Kasiling Proses	141
2. Kasiling Pasinaon	155
3. Kaluwihan <i>Metode Pasinaon Student Teams Achievement Division</i> (<i>STAD</i>) kangge Ningkataken Kawasisan Unggah-ungguh Basa Jawinipun Siswa Kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman	169
BAB V PANUTUP	171
A. Dudutan	171
B. <i>Implikasi</i>	172
C. Pamrayogi	173
KAPUSTAKAN	174
LAMPIRAN	177

DHAFTAR TABEL

<i>Tabel 1.</i>	<i>Pandom Skor Perkembangan-ipun Individu</i>	32
<i>Tabel 2.</i>	<i>Pandom Skor Perkembangan-ipun Kelompok</i>	33
<i>Tabel 3.</i>	<i>Pandom Pambiji Tes Individu Kawasisan Unggah-ungguh Basa Jawi</i>	33
<i>Tabel 4.</i>	<i>Pandom Pambiji Gladhen Kelompok Kawasisan Unggah-ungguh Basa Jawi Tahap Pratindakan</i>	34
<i>Tabel 5.</i>	<i>Pandom Pambiji Gladhen Kelompok Kawasisan Unggah-ungguh Basa Jawi Siklus I saha Siklus II</i>	34
<i>Tabel 6.</i>	<i>Jadwal Panaliten</i>	43
<i>Tabel 7.</i>	<i>Format Lembar Pengamatan Lumampahing Pasinaon kangge Siswa</i>	47
<i>Tabel 8.</i>	<i>Panduan Wawanpangandikan</i>	49
<i>Tabel 9.</i>	<i>Pambijining Tugas Damel Pacelathon Kelompok nalika Tahap Pratindakan</i>	59
<i>Tabel 10.</i>	<i>Penilaian Tes Individu Nalika Pratindakan</i>	61
<i>Tabel 11.</i>	<i>Keaktifan Siswa nalika Pasinaon Unggah-ungguh Basa Jawi (Pratindakan)</i>	63
<i>Tabel 12.</i>	<i>Pambijining Tugas Damel Pacelathon nalika Siklus I</i>	73
<i>Tabel 13.</i>	<i>Skor Perkembangan ing Siklus I</i>	75
<i>Tabel 14.</i>	<i>Peningkatan Asil Damel Pacelathon Unggah-ungguh Basa Jawi Tahap Pratindakan-Siklus I</i>	77

<i>Tabel 15.</i>	<i>Penilaian Tes Individu nalika Siklus I</i>	83
<i>Tabel 16.</i>	<i>Biji Tes Individu ing Tahap Pratindakan saha Siklus I</i>	84
<i>Tabel 17.</i>	<i>Keaktifan Siswa nalika Pasinaon Unggah-ungguh Basa Jawi (Siklus I)</i>	86
<i>Tabel 18.</i>	<i>Tetandhingan Asilipun Biji Tes Damel Pacelathon Unggah- ungguh Basa Jawi mawi Cara Kelompok Ngginakaken Metode Pasinaon Student Teams Achievement Division (STAD) saha Tes Individu</i>	91
<i>Tabel 19.</i>	<i>Pambijining Tugas Damel Pacelathon Kelompok nalika Siklus II</i>	99
<i>Tabel 20.</i>	<i>Skor Perkembangan ing Siklus II</i>	101
<i>Tabel 21.</i>	<i>Peningkatan Asiling Tes Damel Unggah-ungguh Basa Jawi mawi Kelompok Ngginakaken Metode Pasinaon Student Teams Achievement Division (STAD) ing Siklus I-Siklus II</i>	103
<i>Tabel 22.</i>	<i>Penilaian Tes Individu nalika Siklus II</i>	108
<i>Tabel 23.</i>	<i>Biji Tes Individu ing Siklus I saha Siklus II</i>	110
<i>Tabel 24.</i>	<i>Keaktifan Siswa nalika Pasinaon Unggah-ungguh Basa Jawi (Siklus II)</i>	112
<i>Tabel 25.</i>	<i>Ningkating Asil Biji Tes Damel Pacelathon Unggah-ungguh Basa Jawi saking Pratindakan-Siklus II</i>	117
<i>Tabel 26.</i>	<i>Ningkating Asil Tes Individu saking Siklus I-Siklus II</i>	119
<i>Tabel 27.</i>	<i>Tetandhingan Asilipun Biji ing Tes Damel Pacelathon Unggah- ungguh Basa Jawi saha Tes Individu (Siklus II)</i>	120

<i>Tabel 28.</i>	Tetandhingan Kawontenanipun Siswa wonten <i>Proses Pasinaon Unggah-ungguh Basa Jawi mawi Metode Pasinaon Student Teams Achievement Division (STAD) saking Tahap Pratindakan ngantos Siklus II</i>	124
<i>Tabel 29.</i>	Tetandhingan <i>Skor Rata-rata Saben Aspek Pambijining Tes Unggah-ungguh Basa Jawi mawi Ngginakaken Metode Pasinaon Student Teams Achievement Division (STAD) saking Pratindakan-Siklus II</i>	128
<i>Tabel 30.</i>	Asiling Panaliten <i>Tindakan Kelas Pasinaon Unggah-ungguh Basa Jawi mawi Metode Pasinaon Student Teams Achievement Division (STAD) kangge Siswa Kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman</i>	139

DHAFTAR GAMBAR

Gambar 1.	<i>Skema Raganganing Pamikir</i>	39
Gambar 2.	<i>Alur lampahing PTK miturut Kemmis kaliyan Taggart</i>	41
Gambar 3.	<i>Diagram Distribusi Asiling Pratindakan saha Siklus I kangge Biji Damel Pacelathon Unggah-ungguh Basa Jawi mawi Metode Student Teams Achievement Division (STAD)</i>	82
Gambar 4.	<i>Diagram Distribusi Asiling Tes Individu Tahap Pratindakan saha Siklus I</i>	86
Gambar 5.	<i>Diagram Distribusi Asiling Siklus I saha Siklus II kangge Biji Damel Pacelathon Unggah-ungguh Basa Jawi mawi Metode Student Teams Achievement Division (STAD)</i>	107
Gambar 6.	<i>Diagram Distribusi Asiling Tes Individu Siklus I saha Siklus II</i>	111
Gambar 7.	<i>Diagram Ningkating Aspek Ketepatan Unggah-ungguh Basa saking Tahap Pratindakan ngantos Siklus II</i>	131
Gambar 8.	<i>Diagram Ningkating Aspek Ketepatan Isi saking Tahap Pratindakan ngantos Siklus II</i>	133
Gambar 9.	<i>Diagram Ningkating Aspek Nilai Moral saking Tahap Pratindakan ngantos Siklus II</i>	135
Gambar 10.	<i>Diagram Ningkating Aspek Tatakrama Simulasi saking Siklus I ngantos Siklus II</i>	137
Gambar 11.	<i>Kawontenanipun siswa nalika guru nembe ngandharaken materi pasinaon ing tahap pratindakan</i>	142

Gambar 12.	Kawigatosanipun siswa nalika mirengaken andharan guru ing <i>siklus I</i>	146
Gambar 13.	Kawontenanipun siswa nalika <i>diskusi</i> damel pacelathon ing <i>siklus II</i>	148
Gambar 14.	Siswa rame piyambak nalika dipundhawuhi <i>diskusi</i> ing <i>tahap</i> <i>pratindakan</i>	150
Gambar 15.	Saperangan siswa ing pojokan sami jagongan piyambak nalika guru ngandharaken <i>materi</i> pasinaon ing <i>siklus I</i>	151
Gambar 16.	Gregetipun siswa nalika nggarap <i>soal individu</i> ing <i>siklus II</i>	154
Gambar 17.	<i>Diagram</i> ningkating biji rata-rata <i>tes</i> damel pacelathon unggah-ungguh basa Jawi mawi <i>metode</i> pasinaon <i>Student</i> <i>Teams Achievement Division (STAD)</i> saking <i>tahap</i> <i>pratindakan</i> ngantos <i>siklus II</i>	166
Gambar 18.	<i>Diagram</i> ningkating biji rata-rata <i>tes individu</i> mawi <i>metode</i> pasinaon <i>Student Teams Achievement Division (STAD)</i> saking <i>tahap pratindakan</i> ngantos <i>siklus II</i>	168

DHAFTAR LAMPIRAN

I.	Asil Wawanpangandikan	178
II.	Jadwal Panaliten <i>Tindakan Kelas</i>	184
III.	<i>Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)</i>	186
IV.	Asil <i>Pengamatan Aktivitas Pasinaonipun Siswa</i>	214
V.	Cathetan Lapangan	218
VI.	<i>Daftar Nama Siswa</i>	229
VII.	Asil <i>Tes Damel Pacelathon</i>	233
VIII.	Asil <i>Tes Individu</i>	240
IX.	Tuladha <i>Pacelathonipun Siswa</i>	247
X.	Tuladha <i>Tes Individu</i>	267
XI.	<i>Dokumentasi</i>	274
XII.	<i>Persuratan</i>	281

SARI PATHI

Finda Dwi Kurniawati. NIM. 15PSC01726. “Ningkataken Kawasisan Unggah-unggah Basa Jawi mawi *Metode Student Teams Achievement Division (STAD)* kangge Siswa Kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman Taun Ajar 2016/2017”. Tesis. Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2017.

Panaliten menika ancasiipun kangge ningkataken kawasisan unggah-unggah basa Jawi mawi *metode Student Teams Achievement Division (STAD)* kangge siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. Panaliten menika dipuntindakaken awit kawasisan unggah-unggah basa Jawinipun siswa menika taksih kirang saha siswanipun kirang *aktif* ing pasinaon.

Panaliten menika wujudipun panaliten *tindakan* kelas ingkang dipuntindakaken ing SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. *Subjek* panalitenipun siswa kelas XII MM ingkang gunggung siswanipun 31 siswa. Panaliten menika kadhapuk saking kalih *siklus*. Panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara *kolaboratif* antawis panaliti kaliyan guru basa Jawi kelas XII SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. Cara ngempalaken dhata ing panaliten menika arupi *tes* damel pacelathon unggah-unggah basa Jawi, *tes individu, observasi, cathetan lapangan, wawanpangandikan saha dokumentasi*. Piranti panaliten menika arupi lembar *pengamatan, tes* saha panduan wawanpangandikan. Dhata dipun-*analisis* mawi cara *deskriptif. Validitas* dhata dipuntindakaken kanthi cara *validitas proses, validitas demokratis saha validitas dialogis. Reliabilitas* dhata dipuntindakaken mawi *metode triangulasi*.

Asil panaliten menika nedahaken bilih pasinaon unggah-unggah basa Jawi mawi *metode Student Teams Achievement Division (STAD)* saged ningkataken kawasisan unggah-unggah basa Jawinipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. Ningkating kawasisan unggah-unggah basa Jawinipun siswa saged dipunpirsani saking *proses* pasinaon inggih menika: (1) siswa langkung greget nalika ndherek pasinaon unggah-unggah basa Jawi; (2) siswa langkung *aktif* anggenipun suka pitakenan, suka pamanggih saha mangsuli pitakenan saking guru; (3) siswa langkung gampang anggenipun mahami *materi* unggah-unggah basa Jawi. Ningkating asil saged dipunpirsani saking biji rata-rata *tes* damel pacelathon unggah-unggah basa Jawi saking *tahap pratindakan* ngantos *siklus II*. Biji rata-rata *tes* damel pacelathon ing *tahap pratindakan* agengipun 66,60; wonten *siklus I* agengipun 76,04 saha wonten *siklus II* agengipun 82,44. Dene saking *tahap pratindakan* ngantos *siklus II* ningkat 15,44 utawi 23,18%. Biji rata-rata *tes individu*-nipun siswa ing *tahap pratindakan* agengipun 52,89 wonten *siklus I* agengipun 61,51 saha wonten *siklus II* agengipun 77,33. Dene saking *tahap pratindakan* ngantos *siklus II* ningkating biji rata-ratanipun 24,44 utawi 46,20%.

Wosing tembung: Kawasisan unggah-unggah basa Jawi, *Metode Student Teams Achievement Division (STAD)*

ABSTRAK

Finda Dwi Kurniawati. NIM. 15PSC01726. “Ningkataken Kawasisan Unggah-unggah Basa Jawi mawi *Metode Student Teams Achievement Division (STAD)* kangge Siswa Kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman Taun Ajar 2016/2017”. Tesis. Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2017.

Penelitian ini untuk meningkatkan ketrampilan unggah-unggah bahasa Jawa dengan metode *Student Teams Achievement Division (STAD)* untuk siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. Penelitian ini dilakukan karena ketrampilan unggah-unggah bahasa Jawa siswa masih kurang dan siswa masih kurang aktif dalam pembelajaran.

Penelitian ini berbentuk penelitian tindakan kelas yang dilaksanakan di SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. Subjek penelitiannya siswa kelas XII MM yang berjumlah 31 siswa. Penelitian ini terdiri dari dua siklus. Penelitian ini dilakukan dengan cara kolaboratif antara peneliti dengan guru bahasa Jawa kelas XII SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. Cara pengumpulan data dalam penelitian ini berupa tes membuat percakapan unggah-unggah bahasa Jawa, tes individu, observasi, catatan lapangan, wawancara dan dokumentasi. Instrumen penelitiannya berupa lembar pengamatan, tes dan panduan wawancara. Data dianalisis dengan cara deskriptif. Validitas data dilakukan dengan cara validitas proses, validitas demokratis dan validitas dialogis. Reliabilitas data dilakukan dengan metode triangulasi.

Hasil penelitian ini menunjukkan jika pembelajaran unggah-unggah bahasa Jawa dengan *metode Student Teams Achievement Division (STAD)* dapat meningkatkan ketrampilan unggah-unggah bahasa Jawa siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. Peningkatan ketrampilan unggah-unggah bahasa Jawa siswa dapat dilihat dari proses pembelajaran yaitu: (1) siswa lebih termotivasi ketika mengikuti pembelajaran unggah-unggah bahasa Jawa; (2) siswa lebih aktif ketika mengajukan pertanyaan, pendapat serta menjawab pertanyaan dari guru; (3) siswa lebih mudah dalam memahami materi unggah-unggah bahasa Jawa. Peningkatan hasil dapat dilihat dari nilai rata-rata tes membuat percakapan unggah-unggah bahasa Jawa dari tahap pratindakan sampai siklus II. Nilai rata-rata tes membuat percakapan pada tahap pratindakan sebesar 66,60; pada siklus I sebesar 76,04 dan pada siklus II sebesar 82,44. Dari tahap pratindakan sampai siklus II meningkat sebesar 15,44 atau 23,18%. Selain dari tes membuat percakapan, peningkatan hasil pembelajaran dapat dilihat dari hasil tes individu siswa dari tahap pratindakan sampai siklus II. Nilai rata-rata tes individu siswa di tahap pratindakan sebesar 52,89; pada siklus I sebesar 61,51 dan pada siklus II sebesar 77,33. Jadi, dari tahap pratindakan sampai siklus II peningkatan nilai rata-ratanya sebesar 24,44 atau 46,20%.

Kata kunci: Ketrampilan unggah-unggah bahasa Jawa, *Metode Student Teams Achievement Division (STAD)*

ABSTRACT

Finda Dwi Kurniawati. NIM. 15PSC01726. “Ningkataken Kawasisan Unggah-ungguh Basa Jawi mawi Metode Student Teams Achievement Division (STAD) kangge Siswa Kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman Taun Ajar 2016/2017”. Thesis. Language Education Study Programme, Graduate Programme, Widya Dharma University Klaten, 2017.

This research is to improve Javanese ‘unggah-ungguh’ skills with Student Teams Achievement Division (STAD) method for XII MM Grade students at SMK Muhammadiyah Prambanan of Sleman. This research is conducted because the students’ Javanese ‘unggah-ungguh’ skills are less and they are still less active in learning.

This research is classroom action research conducted in SMK Muhammadiyah Prambanan of Sleman. The subject of the study is XII MM students consisting of 31 students. This research consists of two cycles. This research used collaborative method between the researcher and Javanese teacher of XII class at SMK Muhammadiyah Prambanan of Sleman. Technique of collecting the data is test of making Javanese ‘unggah-ungguh’ conversation, individual test, observation, field note, interview and documentation. The research instrument is observation sheet, test and interview guide. Data is analyzed using descriptive method. The validity of data is done by process validity, democratic validity and dialogical validity. Data reliability is done by triangulation method.

The results of this research indicate if the teaching and learning of Javanese ‘unggah-ungguh’ with Student Teams Achievement Division (STAD) method can improve the students’ Javanese ‘unggah-ungguh’ skills of XII MM class at SMK Muhammadiyah Prambanan of Sleman. The improvement of teaching skill of the students’ Javanese ‘unggah-ungguh’ skills students can be seen from the learning process, namely: (1) students are more motivated in learning process of Javanese ‘unggah-ungguh’; (2) students are more active in asking questions, opinions and answering questions from teachers; (3) students are easier in understanding the Javanese ‘unggah-ungguh’ materials. The improvement of the results can be seen from the average score of the test of making Javanese ‘unggah-ungguh’ conversation from the pre-action stage until second cycle. The average score of the test of making Javanese ‘unggah-ungguh’ conversations at the pre-action stage is 66.60; in the first cycle of 76.04 and in the second cycle of 82.44. The improvement of the pre-action stage until the second cycle is 15.44 or 23.18%. Besides from the test of making conversation, the improvement of learning outcomes can be seen from the students’ individual test results from the pre-action stage until cycle II. The average score of students’ individual test in the pre-action stage is 52.89; in the first cycle of 61.51 and on the second cycle of 77.33. Hence, from the pre-action stage until the second cycle, the improvement of average score is 24.44 or 46.20%.

Keyword: Javanese ‘unggah-ungguh’ skills, Student Teams Achievement Division (STAD) method

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahing Prakawis

Basa Jawi menika satunggaling *mata pelajaran* wonten salebeting *muatan lokal (mulok)* wiwit *Sekolah Dasar (SD)* dumugi *Sekolah Menengah Atas (SMA)* ing laladan Jawa Tengah, Daerah Istimewa Yogyakarta saha Jawa Timur. Mata pelajaran basa Jawi wonten sekawan kawasisan ingkang kedah dipuntindakaken dening siswa, inggih menika mirengaken, micara, maos, saha nyerat. Kawasisan micara babagan kawasisan unggah-ungguh basa Jawi kalebet wonten ing *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar mata pelajaran* basa Jawi.

Unggah-ungguh inggih menika tata-pranataning basa miturut lenggahing tata krama. Unggah-ungguh ugi saget dipunwastani undha usuking basa (tingkataning basa adhedhasar anggenipun ngginakaken). Tiyang ingkang badhe ngetrepaken unggah-ungguh boten badhe uwal saking tata krama. Tata krama awujud solah bawa, tindak-tanduk lan patrap nalika sesambetan (komunikasi) dhateng sinten kemawon. Siswa kedahipun mangertosi menapa ingkang dipunsebat unggah-ungguh basa menika, bab-bab menapa kemawon ingkang kedah dipungatosaken nalika gineman kaliyan tiyang sanes tanpa nilar unggah-ungguhipun. Saha kadospundi pangetrepan unggah-ungguh basa ingkang leres menika.

Kawontenan ing pawiyatan taksih kathah prakawis anggenipun mahami unggah-ungguh basa kalawau. Asiling *observasi* kawontenan ing sasana widya wonten pasinaon basa Jawi kanthi *materi* unggah-ungguh basa Jawi taksih wonten

sawenehing prakawis tumrap siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. Satunggaling prakawis inggih menika siswa kirang remen anggenipun nyinau basa Jawi amargi pelajaran basa Jawi menika boten wonten ing salebeting *Ujian Nasional*. Prakawis sanesipun ugi bab kirangipun wekdal guru kangge nggladhi siswanipun supados sinau kanthi tumemen. Prakawis menika dadosaken siswa kirang paham bab unggah-ungguh basa Jawi.

Adhedhasar prakawis ing inggil, kedahipun guru pados *metode* pasinaon *Student Teams Achievement Division* (STAD) ingkang trep kaliyan *karakteristik*-ipun siswa. Cara sanesipun kangge ningkataken asiling pasinaon kanthi inggih menika ngginakaken *media* pasinaon ingkang trep tumrap siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman.

Kejawi menika, kangge ningkataken kawasisan unggah-ungguh basa Jawi, saget ugi mawi panaliten, inggih menika *Panaliten Tindakan Kelas* (PTK). PTK dipunginakaken kangge panaliten wonten ing sasana widya kanthi ancas ningkataken *kualitas* pasinaon. PTK dipunwiwiti kanthi ngrantam menapa kemawon prakawis ingkang badhe dipunwudhari dening panaliti kangge ningkataken pasinaon menika.

Penelitian tindakan kelas dipunginakaken kangge ngecakaken *metode* pasinaon kanthi ancas siswanipun saget *aktif* saha *inovatif*. Menawi siswa *aktif* anggenipun sinau satemah *metode* pasinaon saget ningkataken asiling pasinaonipun siswa. Awit saking prakawis menika, guru kedah pados cara kangge ngandharaken *materi* ingkang saget nuwuhaken sipat *aktif* saha *inovatif* tumrap siswanipun, kadosta pasinaon ingkang ngginakaken cara pirembagan antawisipun

siswa kaliyan siswa. Wondene salah satunggaling cara pirembaran ingkang dipunginakaken inggih menika *metode Student Teams Achievement Division (STAD)*.

Metode Student Teams Achievement Division (STAD) minangka *model* pasinaon jinis *kooperatif* ingkang pisanan dipuntliti dening Robert Slavin kaliyan para mitranipun ing Universitas John Hopkin. *Metode STAD* dipuntindakaken kanthi cara pirembaran antawisipun siswa kaliyan siswa saha wonten *tahap apresiasi* kangge kelompok unggulan kanthi ancas nuwuhaken *motivasi* sinaunipun siswa. *Metode STAD* ugi kaangkah damel siswa tanggel jawab saha ajar jujur tumrap dhirinipun piyambak kaliyan kelompokipun. *Metode STAD* menika trep dipuncakaken ing pasinaon Matematika, IPA, IPS, basa saha teknik (Rusman, 2010: 213).

Jumbuh kaliyan ancasing *metode* ingkang dereng trep ing inggil satemah kedah ngetrepakaen *metode* sanes ingkang dipunpilih wonten ing pasinaon mliginipun ing sasana widya ingkang para siswanipun kirang *aktif*. Limrahipun bab kirang *aktif*-ipun siswa gumantung kaliyan *metode* pasinaon ingkang dipunginakaken wonten pasinaon. Pramila pamilihing *metode* pasinaon wigatos sanget amargi nemtokaken asiling pasinaonipun siswa. Awit saking andharan ing inggil, panaliten *tindakan kelas* wonten ing panaliten menika dipunpilih *metode Student Teams Achievement Division (STAD)* kangge ningkataken *kualitas* pasinaon basa Jawi *materi* unggah-ungguh basa Jawi.

B. Idhentitasing Prakawis

Adhedhasar lelarahing prakawis ingkang sampun dipunandharaken ing inggil, saget nuwuhaken idhentitasing prakawis. Idhentitasing prakawis ing panaliten menika, kaandharna ing ngandhap menika.

1. Siswa kirang remen anggenipun nyinau basa Jawi.
2. Kirangipun pasinaon saha kawasisanipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman mahami unggah-ungguh basa Jawi.
3. Kirangipun *prestasi*-nipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman wonten materi unggah-ungguh basa Jawi.
4. Kirangipun wekdal guru kangge nggladhi siswanipun supados sinau kanthi tumemen.
5. *Metode* pasinaon ingkang dipunginakaken guru kirang *variatif*.

C. Watesaning Prakawis

Adhedasar lelarahing prakawis saha idhentitasing prakawis kasebat, watesaning prakawis ingkang dipunrembag inggih menika ingkang nomer 2 saha 3 saking andharan idhentitasing prakawis ing inggil. Pramila watesan prakawisipun:

1. Ningkataken pasinaon saha kawasisan unggah-ungguh basa Jawi mawi *metode Student Teams Achievement Division (STAD)* tumrap siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman.
2. Ningkataken *prestasi* bab unggah-ungguh basa Jawinipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman.

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar idhentitasing prakawis wonten inggil, boten sedaya idhentitasing prakawis badhe karembag. Pramila, panaliten menika dipunwatesi wonten bab kawasisan unggah-ungguh basa Jawi. Pramila, rumusaning prakawis panaliten menika kados mekaten.

1. Kadospundi *metode Student Teams Achievement Division (STAD)* saged ningkataken pasinaon saha kawasisan unggah-ungguh basa Jawinipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman?
2. Kadospundi *metode Student Teams Achievement Division (STAD)* saged ningkataken *prestasi* bab unggah-ungguh basa Jawinipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten jumbuh kaliyan rumusaning prakawis ingkang sampun dipunandharaken ing inggil. Pramila, adhedhasar rumusaning prakawis ing inggil saget dipunpendhet ancasing panaliten inggih menika:

1. *Metode Student Teams Achievement Division (STAD)* kangge ningkataken pasinaon saha kawasisan unggah-ungguh basa Jawinipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman.
2. *Metode Student Teams Achievement Division (STAD)* kangge ningkataken *prestasi*-nipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman.

F. Mumpangating Panaliten

Mumpangating panaliten ingkang dipunkersakaken saking panaliten menika saget dipunkelompokaken dados kalih, inggih menika mumpangat *teoritis* saha *praktis*:

1. Mumpangat *teoritis*

Panaliten menika saget suka sumbangan wontem mumpangat *teoritis* bab *metode* pasinaon basa Jawi mliginipun kangge ningkataken kawasisan unggah-ungguh basa Jawi.

2. Mumpangat praktis

- a) Kangge guru saget dipundadosaken acuan kangge ningkataken kreativitas mucal mawi ngginakaken metode pasinaon sanes ingkang taksih enggal kangge para siswa. Satemah siswa langkung aktif saha kreatif wonten pasinaon kawasisan unggah-ungguh basa Jawi.
- b) Kangge siswa saget paring panjurung dhateng para siswa, supados trep anggenipun ngetrepaken unggah-ungguh basa Jawi ing gesang padintenan.
- c) Kangge sekolah, asil panaliten menika saget kangge nambahi referensi bab Panaliten Tindakan Kelas (PTK).

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Panaliten *tindakan* kelas ingkang dipuntindakaken menika salah satunggaling kupiya kangge ningkataken kawasisan unggah-ungguh basa Jawi mawi *metode* pasinaon *Student Teams Achievement Division (STAD)* kangge siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman. Panaliten *tindakan* kelas menika sampun katindakaken kanthi sae saha sampun saged ningkataken kawasisan unggah-ungguh basa Jawinipun siswa ingkang sampun dipunlampahi sajroning kalih *siklus*. Ningkating panaliten *tindakan* kelas menika saged dipunmangertosi kados andharan ing ngandhap menika.

1. *Proses* pasinaon menika ningkat adhedhasar tindak tanduk saha patraping siswa nalika wonten ing pasinaon. Ningkating *proses* pasinaon unggah-ungguh basa Jawinipun siswa saking *tahap pratindakan* ngantos *siklus II* kados mekaten: (a) siswa langkung greget nalika ndherek pasinaon unggah-ungguh basa Jawi saha langkung nggatosaken andharan *materi* saking guru; (b) siswa langkung *aktif* anggenipun suka pitakenan, suka pamanggih saha mangsuli pitakenan saking guru, bab menika saged dipunpirsani nalika siswa sami rebutan kanthi ngacungaken astanipun nalika dipundhawuhi suka pitakenan dening guru; (c) siswa langkung gampil anggenipun mahami *materi* unggah-ungguh basa Jawi, bab menika saged dipunpirsani nalika siswa tumemen menawi dipundhawuhi *diskusi* saha nggarap *soal individu* ugi anggenipun nggarap *soal* menika saged rampung langkung cepet saha leres;

(d) siswa katingal langkung remen saha gambira nalika *diskusi* bab pacelathon unggah-ungguh basa Jawi kaliyan kelompokipun mawi ngginakaken *metode* pasinaon *Student Teams Achievement Division (STAD)*.

2. Biji rata-rata *tes* damel pacelathon unggah-ungguh basa Jawinipun siswa ing *tahap pratindakan* menika agengipun 66,60; wonten *siklus I* agengipun 76,04 saha ing *siklus II* menika agengipun 82,44. Adhedhasar biji kasebat, saged dipunpendhet dudutan bilih saking *tahap pratindakan* siswa angsal biji rata-rata 66,60 dene biji rata-rata ingkang dipunantuk siswa ing *siklus II* menika 82,44. Pramila saking *tahap pratindakan* ngantos *siklus II* menika biji ingkang sampun ningkat agengipun 15,44 utawi 23,18%.

Biji rata-rata *tes individu* ing *tahap pratindakan* menika agengipun 52,89 saha wonten *siklus I* biji rata-rata *tes individu* menika agengipun 61,51. Bab menika nedahaken bilih biji saking *tahap pratindakan* dumugi *siklus I* menika sampun ningkat agengipun 8,62 utawi 16,29%. Ewondene biji rata-rata ing *siklus II* menika agengipun 77,33 bab menika nedahaken bilih biji ing *siklus I* ngantos *siklus II* menika sampun ningkat agengipun 15,82 utawi 25,71%.

B. Implikasi

Panaliten *tindakan* kelas ingkang ancasipun kangge ningkataken kawasisan unggah-ungguh basa Jawinipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman mawi *metode* pasinaon *Student Teams Achievement Division (STAD)*. Asiling panaliten menika gadhah *implikasi* kados mekatèn.

1. *Metode pasinaon Student Teams Achievement Division (STAD)* saged dipundadosaken *metode pasinaon kangge nambahi gregetipun siswa nalika pasinaon unggah-ungguh basa Jawi.*
2. *Metode pasinaon Student Teams Achievement Division (STAD)* saged dipundadosaken *metode pasinaon kangge ningkataken kawasisan unggah-ungguh basa Jawinipun siswa, mliginipun wonten tes damel pacelathonipun siswa ing aspek ketepatan unggah-ungguh, aspek ketepatan isi, aspek nilai moral saha aspek tatakrama simulasi.*
3. *Metode pasinaon Student Teams Achievement Division (STAD)* saged dipundadosaken sarana kangge damel swasana ing pasinaon menika dados guyub, grengseng saha urip kanthi cara *diskusi* kaliyan kanca sanesipun.

C. Pamrayogi

Panaliten *tindakan* kelas ingkang ancasipun kangge ningkataken kawasisan unggah-ungguh basa Jawinipun siswa kelas XII MM SMK Muhammadiyah Prambanan Sleman menika sampun kasil. Ewondene bab ingkang saged dipundadosaken pamrayogi adhedhasar asiling panaliten *tindakan* kelas menika kados mekaten.

1. Guru kedah mbetahaken wekdal ingkang kathah kangge *diskusi*.
2. Guru kedah nggatosaken *diskusi* supados siswa boten sami gineman, dolanan piyambak-piyambak saha ngresahi kelompok sanesipun.
3. Guru kedah saged dados *fasilitator, mediator* saha *evaluator*. Ananging boten sedaya guru menika saged dados *fasilitator, mediator* saha *evaluator*.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 200. *Dasar-dasar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Cahyono, Yudi Bambang. 1995. *Kristal-kristal Ilmu Bahasa*. Surabaya: Airlangga University Press.
- Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. Tanpa tahun. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. -: Rineka Cipta.
- De Vos. 1987. *Pengantar Etika*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana Yogya.
- Djahiri, A Kosasih dan Aziz Wahab. 1996. *Dasar dan Konsep Pendidikan Moral*. Jakarta: Depdikbud.
- Dwiraharjo, Maryono. 1993. *Tingkat Tutur dalam Bahasa Jawa Cerminan Adab Sopan Santun Berbahasa: Kongres Bahasa Jawa, Semarang, 15-20 Juli 1991 Proseding (Buku III)*. Surakarta: Yayasan Studi Bahasa Jawa “Kanthil” bekerjasama dengan Harapan Massa.
- Endah, Kuswa. 2008. *Diktat Etika Jawa*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Budi Pekerti dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: PT. Hanindita Graha Widya.
- _____. 2009. *Media Pembelajaran Bahasa dan Sastra Jawa*. Yogyakarta: Kuntul Press.
- Fasold, Ralph. 1990. *The Sociolinguistic of Language*. Malden: Backweel.
- Harjawijaya, Haryana. 2009. *Kamus Unggah-ungguh Basa Jawa*. Yogyakarta: Kanisius.
- Harjawiyanasaha Supriya. 2001. *Marsudi Unggah-ungguh Basa Jawa*. Yogyakarta: Kanisius.
- Hartatik, Sri. 2011. *Pepak Basa Jawa Lengkap*. Surabaya: Dua Media.
- ISHII, Kazuko. 1993. *Perbandingan Sistem Unggah-ungguh dalam Bahasa Jepang dan Bahasa Jawa: Kongres Bahasa Jawa, Semarang, 15-20 Juli*

- 1991 *Proseding* (Buku IV). Surakarta: Yayasan Studi Bahasa Jawa “Kanthil” bekerjasama dengan Harapan Massa.
- Jatirahayu, Warih & Suparyadi. 2003. *PRASAJA (Pragmatik Basa Jawa)*. Yogyakarta: Grafika Indah.
- Kemdikbud. 2014. *Buku Tematik Terpadu Kurikulum 2013 Buku Guru SMK Kelas XII*. Jakarta : Pusat Kurikulum dan Perbukuan, Balitbang, Kemdikbud.
- Kurnia, Sayuti dkk. 1996. *Teori Sastra*. Jakarta: Depdikbud.
- Leech, Geoffrey. 2011. *Prinsip-prinsip Pragmatik (terjemahan M. D. D. Oka)*. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Mardiatmadja, B.S. 1986. *Tantangan Dunia Pendidikan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif* . Bandung : Remaja Rosda Karya .
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Sastra Anak Pengantar Pemahaman Dunia Anak*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Nurhayati, Endang. 2009. *Sosiolinguistik Kajian Kode Tutur dalam Wayang Kulit*. Kanwa Publisher: Yogyakarta.
- Poedjasoedarma, Soepama. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen P&K.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters’ Uitgevers-Maatschappij N.V.
- Prawiradjaja, Supanta. 1993. *Hasil Penelitian Bahasa dan Sastra Jawa di Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni IKIP Veteran Sukoharjo: Kongres Bahasa Jawa, Semarang, 15-20 Juli 1991 Proseding* (Buku IV). Surakarta: Yayasan Studi Bahasa Jawa “Kanthil” bekerjasama dengan Harapan Massa.
- Purwadi. 2009. *Etika Jawa*. Yogyakarta: Paradigma.
- Purwo, Bambang Kaswanti. 1990. *Pragmatik dan Pengajaran Bahasa (Menyibak Kurikulum 1984)*. Yogyakarta: Kanisius.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.

- Rusman. 2010. *Model-model Pembelajaran: Mengembangkan Profesionalisme Guru*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2004. *Unggah-unggah Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Setiyadi, Dwi Bambang Putut; Widodo Aribowo; & Uswatun Khasanah. 2015. *Baud Basa Jawa*. Klaten: Intan Pariwara.
- Sudiatmanto. 2016. Peningkatan Prestasi Belajar Bahasa Jawa Materi Unggah-unggah Basa dengan Menerapkan Pembelajaran Kontekstual pada Siswa Kelas VII-E di SMP Negeri 1 Pogalan Trenggalek Semester II Tahun 2012/ 2013. *Jurnal Pendidikan Profesional*. 1, 133-149.
- Suharti. 2004. "Pendidikan Sopan Santun dan Kaitannya dengan Perilaku Berbahasa Jawa Mahasiswa". *Diksi*, 1. hlm 57-71.
- Sukardi. 2013. *Metode Penelitian Pendidikan Tindakan Kelas Implementasi dan Pengembangannya*. Jakarta : PT Bumi Aksara.
- Suwadji. 1994. *Ngoko lan Krama*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.
- Trianto. 2007. *Model-model Pembelajaran Inovatif Berorientasi Konstruktivistik*. Jakarta: Prestasi Pustaka Publisher.
- _____. 2011. *Model Pembelajaran Inovatif Berorientasi Konstruktivistik*. Jakarta: Prestasi Pustaka.
- Uno, Mien R. 2005. *Etiket: Sukses Membawa Diri di Segala Kesempatan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Wiriaatmadja, Rochiati. 2009. *Metode Penelitian Tindakan Kelas*. Bandung : PT. Remaja Rosda Karya.
- Wiyatmi. 2006. *Pengantar Kajian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka.